

KONJE PEYE MINNESOTA

Anvigè apati 1ye Janvye 2026

Konje Peye Minnesota a ofri peman ak pwoteksyon travay lè ou bezwen konje pou pran swen tèt ou oswa fanmi ou.

Pou kisa mwen ka itilize Konje Peye a?

Konje Maladi:

- Pou pran swen pwòp pwoblèm sante grav ou, tankou swen ki gen rapò ak gwoès, akouchman ak rekiperasyon

Konje Fanmi:

- **Konje pou lyezon avèk yon nouvo timoun** – pou pran swen epi kreye lyezon avèk li atravè nesans, adopsyon oswa plasman nan yon fanmi akèy.
- **Konje pou pran swen** – yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav
- **Konje Fanmi Militè** – pou sipòte yon manm fanmi ki rele nan sèvis aktif
- **Konje Sekirite** – pou reponn a pwoblèm ki gen rapò ak vyolans domestik, agresyon seksyèl, oswa pèsikisyon pou tèt ou oswa yon manm fanmi ou

Anjeneral, kondisyon yo dwe dire plis pase sèt jou epi yon founisè swen sante oswa yon lòt pwofesyonèl dwe sètifye yo.

Èske mwen anba konje peye?

Pifò travayè nan Minnesota yo gen Konje Peye. Ou pwoteje kèlkeswa gwoès anplwayè w la, oswa kantite èdtan oswa jou ou travay. Antreprenè endepandan ak travayè endepandan yo pa otomatikman kouvri men yo ka chwazi pou yo patisipe. Ou ka kalifye pou peman si ou te resevwa yon montan minimòm pou travay ou nan Minnesota pandan dènye ane a (\$3,900 pou kòmansman Konje Peye a an 2026).

Konbyen tan mwen ka pran konje?

Ou ka kalifye pou pran jiska 12 semèn konje famiyal oswa medikal pou chak ane benefis. Si ou bezwen konje famiyal ak konje medikal nan menm ane benefis la, ou ka kalifye pou jiska 20 semèn an total.

Konbyen lajan m ap resevwa?

Lè w itilize Konje Peye, leta a fè peman ba ou. Konje peye a ap peye jiska 90% nan salè ou, selon nivo revni ou, ak yon montan maksimòm chak semèn ki fikse sou salè mwayèn chak semèn nan leta a. Montan sa a chanje chak ane, epi li se \$1,423 pou kòmansman Konje Peye a an 2026.

Ki moun ki peye pou Konje Peye?

Konje peye yo finanse pa prim anplwaye yo ak anplwayè yo peye. To prim inisyal la se 0.88% nan salè ki kouvri yo. Patwon ou ka dedwi jiska 0.44% nan salè ou pou finanse pòsyon pa ou nan prim lan.

Ki pwoteksyon mwen genyen nan travay?

- **Pwoteksyon travay:** Anjeneral, yo dwe retounen nan travay ou oswa yon pozisyon ekivalan lè ou retounen soti nan konje. Pwoteksyon travay yo pran efè 90 jou apre dat anbochaj ou a.
- **Kontinyasyon asirans sante:** Anjeneral, anplwayè yo dwe kontinye finanse pòsyon prim asirans sante yo pandan w ap pran konje.
- **Pa gen reprezay oswa entèferans:** Patwon yo pa dwe entèfere avèk ou oswa pran reprezay kont ou si ou aplike pou oswa itilize Konje Peye. Patwon yo pa ka pran peman Konje Peye ou yo.

Pou kesyon konsènan Konje Peye, tanpri kontakte Minnesota Paid Leave (Konje Peye Minnesota) nan 651-556-7777 oubyen vizite sit entènèt nou an.

Si ou panse patwon ou an ap vyole pwoteksyon travay yo, kontakte Labor Standards Division (Divizyon Nòm Travay) nan Minnesota Department of Labor and Industry (Depatman Travay ak Endistri Minnesota).



APRANN PLIS: paidleave.mn.gov

Yo ka bay enfòmasyon sa a nan lòt fòm bay moun ki andikape oswa moun ki bezwen asistans lang lè yo rele Paid Leave Contact Center (Sant Kontak Konje Peye) a nan 651-556-7777 oswa 844-556-0444 (apèl gratis).

m MINNESOTA
PAID LEAVE